

# Apèl FEMA yo nan North Carolina kapab vini denimewo telefòn enkoni

Release Date: Oktòb 25, 2024

**RALEIGH, N.C.** - Pwopriyetè ak lokatè 39 deputman North Carolina ak manm trbi Eastern Band of Cherokee Indians ki te mande ède nan men FEMA apre katastwòf Helene nan North Carolina dwe konnen reprezantan FEMA yo kapab rele yo apati endikatif rejyonal yo ak nimewo telefòn enkoni oswa afiche yon nimewo SPAM oswa okenn nimewo idantifikasyon moun k ap rele a.

Li enpòtan pou reponn apèl la. Reprezantan FEMA yo ap adrese yo ak sitwayen ki te mande yon èd nan ka katastwòf. Reprezantan yo kapab rele pou divès rezon, tankou pwoblèm ki lye ak demann yo (dokiman ki manke yo, dokiman ki lye ak règleman asirans lan elatriye) swivi bezwen yo konsènan aksè ak fonksyonalite ak/oswa pwogramasyon enspeksyon nan adrès kote domaj yo te siyale. Enspeksyon yo nesesè pou detèmine si yon kay sekirize, pwòp, fonksyonèl epi aksesib. Si yon enspeksyon pa kapab pwograme, sa ka tanmen yon reta nan egzamen demann pa FEMA a.

## Pran mezi pou evite vòl

Toujou alète pratik ilejitim sa yo:

- Yon enspektè FEMA ap rele ou epi ou pa t depoze demann lan nan FEMA.
- Yon enspektè ap mande enfòmasyon bankè ou yo. (Enspektè FEMA yo p ap janm otorize pou kolekte enfòmasyon finansyè pèsonèl ou yo.)
- Yon pèman te mande ak yon moun ki pretann yo se FEMA. (FEMA pa pral janm mande pèman.)

Si youn nan sitiayson sa yo rive ou - oswa si ou resevwa yon apèl de yon moun ki di ou li se yon reprezantan FEMA, men ou pa sèten, rele sèvis asistans telefonik FEMA a nan 800-621-3362 pou siyale ensidan an. Sèvis asistans telefonik la pral kapab ede ou kanpe tretman yon demann ki te fèt nan non ou san konsantman ou oswa demann èd nan men FEMA si w ap viv nan yon deputman deklare.



**FEMA**

Page 1 of 2

Si ou kwè ou viktim de yon vòl ki lye ak repons tanpèt twopikal Helene nan, ou dwe ranpli yon demann bò kote Depatman Jistis North Carolina a lè w ap vizite [ncdoj.gov/complaint](https://ncdoj.gov/complaint) oswa rele gratis nan 877-566-7226.

Si ou gen konesans de fwod yo, gaspiyaj yo oswa abi, ou kapab siyale yo, 24 sou 24, sèt jou sou sèt - nan liy asistans telefonik FEMA a sou fwod nan ka katastwòf, nan 866-720-5721. Ou kapab voye imèl tou [StopFEMAFraud@fema.dhs.gov](mailto:StopFEMAFraud@fema.dhs.gov) pou siyale yon tiyo.



**FEMA**

Page 2 of 2